Сирла хенаш

1

Хенан шалха юьхь ю, аьлла
Ширчу къаьмнаш аьлла даьлла.
Цкъа цу хIумнах со ца кхетта.
Хан дIаяхча кхета атта.

Ши чкъург хилла-кх вайн цу хенан,
Цкъа а йоцуш юьйцу хезна.
Цхьаъ ю, даим, хьийзаш юхахьа,
Важа ю, цуьнца керчаш бакъхьа.

ХIуъа дичи, вуьйлуш пелхьо,
Къеста ца деш, цара дIахьо.

2

Амма, йиш яц доккха и дов
Чкъургаш бахьанехь, ала, дIадов.
Адмаш, къаьмнаш юккъе нисдеш
Вай дечуьнца уьш ю болх беш.

Цхьацца пачхьалкхе хилчи хьахош,
Уьш ю, хьаха, шайн некъ дIахьош.
Ахчий-бохчий са хилчахьана,
Дуьне доьхчи бен дац царна. –

ХIаллакьхуьлчу бердан йистеш,
Дуьне доху шайна са еш.
Адмана даим тIом бу латтош,
Миска адам холчу хIиттош.

Дуьне дуьсу, эккхар долий,
ХIинца хIун хилла доллу-те, олий
Рицкъа къуьйсу, джихIад кхайкхош,
Шена тIера ойла ерзош.

ШайтIа хьийза вайна юккъе
Шен ю, бохуш, цхьацца бакъе…

Делахь, вай-ма дуьйцург кхин ду:
Чкъургаш, болх беш, дийриг хIун ду.

3
Цхьаммо, гIуллакххаш
хьалахьош, узуш,
ТIехьа кхуьссуш, вовшех дузу:
Ахь динарг ду хьан букъ тIехьа, –
Изза дуьйцуш тоьтту хьалха.

Вукхо, бакъхьа хьийзаш денна
Шена кIелхьо лелларг кхана.

Массо йогIу сирла кхане,
ЙогIу моьтту вайна сане.
Амма, хьовздой хьоьгара дийларг
Цо а кхуьссу когаш кIела.

Дерриг, хьаьвззий дуьхьалдолу,
Хьо дIаккхечи хIинца, олий.
Ю, хьо гуро лаьцна тахне
Ахь, ша, хьайна лехна кхане.

ХIинца хиъна – хьекъал дацахь,
Хено ловзор велахь, вайцахь,
Дикниг, вониг – ша карош дуй,
Царах диннарг кхана хьан дуй.

Долундела дешдерг – бахьана. –
Цунах кхоллало дахар кхана.

Ца хиллехь хьо къастош дийриг
Дахарх хуьлий карабо уьйриг.
И схьабаста оьшург хIун ду –
Сагатдеш сан цхьацца жамI ду:

4
Вахар, ойла ца яхь кхеттал,
Дуьсу, хилла хIетал-метал;

Ойлаеш хьо вацахь баккъал,
Юха вуьгу шрчу новкъа;

Само яцахь, хьалха хазлой
ХIара дуьне, эххар дазло.

Амма стага шех долчунна
Цхьанне бехк бац, ша воцчуьна.
Куьзга ма ду цунна хьалха.
Цу чу хьаьжчи хIун го бахахь –
ДегIал корта лакхахь хилар, –
Цуьнан маьIна цо охьадиллар:
Массо хIумнал сийлахь – хьекъал!
Цунах кхеттарг – хуьлу декъал!

Кхане хир ю сане, сирла,
Долччуьнаьбуха хьекъал диллахь. –
ХIуъа деш хилчи, юха-тIаккха,
Сирла хьекъал хьалха даккхахь.

Дохьур, тIаккха, цу шина чкъурго
Диканиг хьуна, боккхуш шайн гуо.

5
Къастош хила хьарам – хьанал,
Дегнаш цIандо нуьре амал.
Цу къесторан бечу балхо
Цхьалха йоккху дегнийн шалхо:

Оьзда воцург къонах ма вац.
Хьанал доцург дахар ма дац. –
Дикка кхеташ хьо схьавогIу:
Хьанал ваха-м Дала боху.

Ткъа вайн гIулкхех – боьха, цIена
Вай вапьш кхоьллина йолчу ханна
Вай кхи бахац – боьха зама,
Шалха юьхь хиллера хьан-м.

ЦIена хила! – ша хан кхойкху.
Ткъа ца хилчи, вайх и оккху.

ЮьхьIаьржонах – и, вайх йолу,
Вайна гойла – серло хуьлуш.

6
ТIаккха и хан хьоьх ю йоьлуш,
Амма, юха, Iилма хьоьхуш:

«Маьлхан дуьне ма нисделахь!
Хьо нисваларх тоам белахь.

Хьуна бакъдерг ду схьаэцахь,
Чкъургийн бакъдерг долуш шеца».

ДӀаладоьгӀна, дикнах-вонах
Ахь дика хоржу, даржош гуонах.

Эццехь бастло гӀайгӀан уьйриг,
Некъех кхета некъаш бийриг;
Кхеташ – хуьлчух тахна, кхана
Даим нислуш, – кхуьу-кх къонах!

ХӀинца кхоьхьу цу шина чкъурго
Хьуна дикниг, туьйсуш шайн гуо.

Хьо дикадарца сов мел вуьйлу –
Хенан юьхь а серлаюьйлу.

7
Полло цкъа тӀам тоьхча, олу,
ДӀо цхьана генахь мехаш довлу…

И хьан дика п хьоьх дӀакъаьстий
Лела, гӀайгӀан шедаш достуш;
ШайтӀан мехаш берзош дикне
Хьийза дикан кӀуркӀамане;

Ийло, олу, нуьре алу
Лаьттан тӀехула, берзош бала;
Шалха юьхь ерш ца бовлийта
Дуьнен тӀехула алу гӀуьтту.

Вай дукха Ӏуьйшу бала, къаьхьниг,
Кхи ца гайта гӀуьтту дикниг.

8
Хьесап дуйте ширчу наха
Хенан шалха юьхь ю, бахар.
Адам ма ду муьлхха хенахь,
Даим, дикне Ӏаш сатесна.

Вайн долу Ӏилма ма дац церан
Адам Ӏама, айъа, лиера.
Шех и вон дӀакъасто, хьанна а
Нуьре Ӏилма ма ду эшна.

9
Дикниг кхуллуш. Хазъеш зама
Ду вайн Іилма. Вай ду – Іама.

Вайгара долчунна, хаза хенаш
Вайна яхъян Іийр ду Іемаш. –
Къонахашна Іилма и ду.
Цулла оьшург вайна хІун ду.
ЦІеннаш лехахь – Делан некъаш.
Ткъа, цулла дезниг, кхидерг – хІун ду?

Кхидолчунна – Дела юкъар.
Сирла хенаш вайна ялар
Деле кхойкхуш, доьхуш хир ду,
Къинхетаме вайца хилар.